

Madi 7 avril 2020

Chè fanmi:

Okenn nan nou pa ta janm imajne kisa viris COVID-19 la pote: fèmti bilding lekòl leta, ansèyman adistans ak aprantisaj adomisil, ak distans sosyal youn ak lòt pou rete ansekirite.

Sa yo se bagay difisil ki pa t ap posib san efò ak sipò tout moun. Nou konnen oumenm ak pitit ou a ap fè tout sa nou kapab pou aprantisaj la kontinye pandan tan sa a, menm jan avèk plis pase 150,000 edikatè ak anplwaye devwe nan Depatman edikasyon Vil Nouyòk. Mwen apresye anpil sipò ou bay pitit ou pandan nou tout fè yon jan pou adapte nou byen vit avèk nouvo apwòch pou edikasyon an. Sa yo se moman ki deranje, ki pote anpil estrès, ki deja vini avèk anpil difikilte ak yon sitiyasyon k ap chanje chak jou. Men avèk sipò ou, n ap fè pwogrè chak jou.

Nan kontèks sa a, mwen gen nouvo enfòmasyon ak rapèl enpòtan pou m pataje avèk ou:

- **Fèmti lekòl:** Eta a anonse ke tout lekòl nan Eta Nouyòk ap rete fèmen jiska 29 avril 2020.
- **Egzamen Regents:** Eta a anile egzamen Regents jen 2020 an. Fanmi elèv lekòl segondè pral resevwa nan yon ti tan ankò enfòmasyon ak konsèy sou kòman sa pral gen enpak sou kondisyon pou gradyasyon. An rezime, elèv ki te planifye pou yo fè egzamen Regents nan mwa jen 2020 yo pral jwenn eksepsyon pou egzamen sa yo pou yo ka jwenn diplòm yo, men yo toujou dwe ranpli kondisyon kredi kou obligatwa yo pou yo gradye. Objektif nou se pou asire elèv ki nan wout pou gradye ane sa a kontinye rete sou chemen yo pou fini lekòl segondè avèk siksè.
- **Egzamen Matematik ak ELA:** Eta a anile egzamen matematik ak konpozisyon anglè pou klas 3yèm jiska klas 8yèm ane.
- **Egzamen AP:** College Board te anonse yo pa pral bay egzamen AP yo nan bilding lekòl yo, men elèv yo pral kapab pran egzamen AP lakay yo. Nou gen pou bay lekòl yo ak elèv yo gid sou kòman pou yo aplike chanjman sa yo. Si w bezwen yon aparèy aprantisaj adistans epi ou poko mande youn, nou ankouraje w pou ranpli [sondaj pou aparèy aprantisaj adistans](#) DOE a.
- **Zouti pou aprantisaj adistans:** Pou nou kapab pi byen pwoteje sekirite ak vi prive, nou mande lekòl pou pa sèvi avèk Zoom ankò kòm yon zouti reyinyon sou entènèt pou aprantisaj adistans. Nou konnen yo deja ap itilize zouti sa a nan anpil lekòl epi nou pa atann pou chanjman sa a fèt toudenkou, men n ap bay edikatè sipò pou ede yo fè tranzisyon nan Google Hangouts Meet oswa nan Microsoft Teams—gen anpil lekòl ki deja ap itilize tou de zouti sa yo san pwoblèm.

Mwen kwè pwofesyonalis ak devouman edikatè nou yo parèt pi klè pase tout lè avan pandan gwo kriz sa a. Yo sezi okazyon an, transfòme modèl aprantisaj nou an fondamantalman pandan y ap reponn tou avèk bezwen pwòp fanmi yo ki chanje.

Menm jan an tou, sipò ou ak kolaborasyon w te enpòtan anpil pou ede elèv nou yo kenbe, rete san danje, epi aprann—byenke oumenm tou ou konfwonte yon pakèt estrès bò kote pa w. Grasa tout bagay oumenm ak edikatè nou yo ap fè ansanm, mwen gen konfyans timoun nou yo ap kontinye rete angaje ak fè pwogrè yon fason konsiderab pandan tan sa yo.

Menm jan avèk edikatè nou yo pandan epòk sa a, ou se yon ewo toutbon. Nou konnen li difisil pandan nou tout ap aprann navige ansanm nan tan san parèy sa a. Men, n ap kontinye fè tout bagay nan pouvwa nou pou nou sipòte ou nan chak etap pwosesis la.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Chanselye Depatman Edikasyon Vil Nouyòk